



MAHKAMAH KONSTITUSI
REPUBLIK INDONESIA

Undang-Undang Dasar Negara Republik Indonesia Tahun 1945

Jarwan Basa Jawi



JARWAN INGKANG BOTEN ABSAH

Prawacana:
Prof. Dr. Jimly Asshiddiqie, S.H.



**UNDANG-UNDANG DASAR NEGARA
REPUBLIK INDONESIA TAHUN 1945
JARWAN BASA JAWI**

JARWAN INGKANG BOTEN ABSAH

UNDANG-UNDANG DASAR NEGARA REPUBLIK INDONESIA TAHUN 1945

JARWAN BASA JAWI

JARWAN INGKANG BOTEN ABSAH

Prawacana:

Pangarsa Mahkamah Konstitusi RI
Prof. Dr. Jimly Asshiddiqie, S.H.

Ingkang njarwakaken:

Ugrasena Pranidhana, S.H., M.A.
Drs. Karsono H. Saputra, M.Hum
Drs. Amir Rochkyatmo
Dwi Woro Retno Mastuti, SS, M.Hum

Penerbit:

Sekretariat Jenderal dan Kepaniteraan
Mahkamah Konstitusi Republik Indonesia

**UNDANG-UNDANG DASAR NEGARA
REPUBLIK INDONESIA TAHUN 1945
(JARWAN BASA JAWI)**

Pranidhana, Ugrasena, dkk
Jakarta: Setjen dan Kepaniteraan MKRI
Cetakan Kedua, September 2005
xiii + 104 hlm; 14,5 X 21 cm

ISBN 979-79139-8-5

Hak cipta dilindungi oleh Undang-Undang
All right reserved

Cetakan Kedua, September 2005

Koordinator Program: Rofiqul-Umam Ahmad
Rancangan Samak: S. Toto Hermito
Lay-out: Ali Zawawi

Penerbit:
**Sekretariat Jenderal dan Kepaniteraan
Mahkamah Konstitusi Republik Indonesia**
Jl. Medan Merdeka Barat No. 7 Jakarta Pusat
Telp. 3520173, 3520664 pes.213
email: sekretariat@mahkamahkonstitusi.go.id
www.mahkamahkonstitusi.go.id



PRAWACANA PANGARSA MAHKAMAH KONSTITUSI RI

Salah satunggalipun gugatan reformasi sasampuning lengseripun Presiden Soeharto ing tanggal 21 Mei 1998, inggih punika ewah-ewahan UUD 1945. Nanggapi gugatan punika parté-parté politik ing MPR sarujuk nindakaken ewah-ewahan UUD 1945 wonten ing paheman ingkang dipun adani wiwit taun 1999 dumugi taun 2002. Asiling panambut karyanipun MPR awujud ewah-ewahan kapisan ing taun 1999. Ewah-ewahan ingkang kaping kalih ing taun 2000. Kaping tiga ing taun 2001 sarta ewah-ewahan kaping sekawan ing taun 2002. Wonten ing ewah-ewahan kasebut, bab-bab ingkang kalebet wonten ing UUD 1945 ingkang asli sampun ngalami ewah-ewahan kathah. Pola-pola nalar saha underaning gagasan ingkang kacakup ing wosing reringkesan, bab-bab paranganing UUD 1945 sasampunipun ngalami ewah-ewahan kaping sekawan, kawontenanipun beda sanget kaliyan wosing gagasan ing UUD 1945 ingkang asli, nalika dipun absahaken kapisanan ing tanggal 18 Agustus 1945.

Adhedasar cacahipun, wontenipun ewah-ewahan nuuhuhaken wewahan peprincening pathokan ing salebeting UUD 1945. Saderengipun ewah-ewahan kelampahan, UUD 1945 dumadi saking 71 peprincening pathokan. Sasampunipun ewah-ewahan

UUD 1945, kathahipun peprincen pathokan dados 199, dados wewahipun 141 %. Peprincening pathokan ingkang 199 punika, babon UUD 1945 ingkang asli boten ngalami ewah-ewahan, namung kantun peprincening pathokan ingkang cacahipun 25 (12%). Wondene langkungipun saking peprincen pathokan 174 wau, kalebet gagasan enggal. Saupami sadangunipun Indonesia merdeka ingkang sampun 59 taun punika sadaya rakyat Indonesia kanthi waradin sampun ngertos isinipun UUD 1945 saderengipun ngalami ewah-ewahan, pramila saestunipun samangke punika rakyat namung nyumerepi pathokan ingkang cacahipun namung 25, utawi namung 12%-ipun UUD 1945. Wondene 174 princening pathokan utawi 88%-ipun, babarpisan boten dipun sumerepi dening rakyat Indonesia. Gegambaran punika saya melok cetha wela-wela manawi kita rumaos bilih boten sadaya rakyat Indonesia ingkang cacahipun atusan yuta punika nyumerepi pathokan UUD 1945 asli ingkang cacahipun 25.

Ingkang punika perlu ada-ada mbiwarakaken UUD 1945 tumrap sadaya kalangan bebrayan, utawi para pramuka sarta praboting nagari. Pamrihipun kanthi rancangan ada-ada punika sadaya warganing nagari saged paham saha nyumerepi UUD 1945, saengga rumaos enget sarta setya ngrungkebi konstitusi. Manawi kawontenan punika saged kelampahan maujud, panataning pranataning nagari saged katindakaken salaras kaliyan UUD 1945 kanthi ajeg saha salaras kaliyan titilaksananipun, saengga ancas lampahing bangsa salajengipun saged langkung trep tuwin kukuh anggenipun mbudidaya nggayuh idham-idhaman adeging nagari kados ingkang kepacaking Pambukaning UUD 1945.

Rancangan ada-ada mbiwarakaken UUD 1945 dhateng bebrayan dados tanggung jawabipun nagari. Awit saking punika

pambiwaranipun saged katindakaken dening sadhengah bebadan utawi pakempalan, sauger bebadan utawi pakempalan kasebut darbe daya kekiyatan nindakaken pambiwara dhateng bebrayan. Saya kathah bebadan ingkang mbiwarakaken saya prayogi, awit saya kathah golongan ingkang kagandeng, saha saya kathah paranganing bebrayan tuwin pramukaning nagari ingkang dados lesan. Saben bebadan utawi pakempalan saged darbeni tanggung jawab sejarah, nyengkuyung nindakaken pembiwaraning UUD 1945 dhateng bebrayan kanthi centhangan tambahanipun: dados darbekipun sesarengan sarta dados kewajiban nyebar sesarengan.

Salah satunggaling kunci ingkang wigati amrih rancangan sosialisasi UUD 1945 tumindak rancang ngener dhateng gegayuhan inggih punika kadospundi caranipun anggenipun ngakrabaken dhateng bebrayan. Konstitusi dados peranganing gesang sarta rembag padintenan kadosdene manawi para warga ngrembag kabar ingkang sumebar saha kawontenan sakiwa tengenipun. Ingkang punika UUD 1945 saged dados konstitusi ingkang gesang sarta dados keketeging gesangipun bebrayan saben dintenipun.

Gegayutan kaliyan punika salah satunggaling wujud pambudidaya ngraketaken konstitusi dhateng bebrayan inggih punika sarana nyalin utawi njarwakaken UUD 1945 dhateng basa daerah. Prekawis punika adhedasar tetimbangan bilih taksih sawatawis kathah warganing bebrayan ingkang migunakaken basa daerah ingkang ngulir nalaripun sarana tatanan budaya daerah, kalebet basanipun, langkung-langkung ing tlatah padhusunan ingkang dumugi samangke cacahing warganing taksih langkung kathah katimbang ingkang dedunung wonten ing kita-kita.

Alantaran UUD 1945 ing basa daerah, warganing bebrayan ingkang migunakaken basa daerah badhe langkung gampil paham dhateng UUD kanthi pangajap langkung gampil sarta rancang anggenipun ngrumaosi ngenegeti sarta setya ngugemi konstitusi. Bab punika salaras kaliyan underanipun manawi satunggaling tiyang sampun paham dhateng teks UUD 1945 nunten badhe gadhah raos kognitif ingkang tumata, ingkang salajengipun katitih saking tumindak saben dinanipun.

Jarwan UUD 1945 ing basa daerah ugi gegayutan sanget kaliyan konstitusi Indonesia. Pasal 32 ayat (2) UUD 1945 mratelakaken bilih: "Nagari ngurmati saha ngleluri basa daerah minangka kaskaya budaya nasional". Jarwan UUD 1945 dhateng basa daerah ugi kalebet salah satunggaling lampah ayahan konstitusi. Sanadyan bangsa Indonesia sampun darbe basa nasional, basa Indonesia, minangka basa panunggal, nanging basa daerah kedah kita aosi lan kita leluri. Salah satunggaling pambudidaya kanthi ngangkat kange srana sesambutan, kange ngraketaken prekawis ingkang mengku pangaji ing salebetung UUD 1945, minangka angger-angger pranatan ingkang luhur sanget sarana nalar lan migunakaken basa ing bebrayan. Awit saking punika jarwan UUD 1945 ing basa Jawi ugi wigati tumrap lestarinipun saha mekar ngrembakanipun basa kasebut.

Gegayutan kaliyan punika minangka lampah ingkang kawitan ing sejarah Konstitusi Indonesia, sasampunipun ngalami ewah-ewahan, jarwan UUD 1945 ing basa Jawi tataran krama alus sampun kawedalaken ing Ngayogyakarta nalika tahun 2003, kajarwakaken dening ahli budaya/ basa Jawi, Dr. Purwadi. UUD 1945 ingkang kawedalaken ing basa Jawi nyadhiyani keperluanipun warganeting bebrayan ingkang taksih menggalih kanthi nalar tataran

budaya Jawi, kanthi migunakaken Jawi krama. Kapilihpun jarwan UUD 1945 ing basa Jawi kanthi tetimbangan maton bilih cacahing warga nagari golongan Jawi punika kalebet saperangan ageng bangsa Indonesia.

Ngeneti bilih basa Jawi darbe tigang tataran basa: krama, madya, sarta ngoko kanthi pepantahan golongan ingkang bedabeda, pramila wonten perlunipun menawi wonten ingkang ngedalaken UUD 1945 jarwan basa Jawi ing tataran sanesipun. Jarwan UUD 1945 ing basa Jawi punika kange keperluan nggampilaken cak-cakanipun minangka srana sesambutan saben dintenipun tumrap warganeting bebrayan ingkang migunakaken basa Jawi ngoko samangsa ngrembag UUD 1945. Wontenipun jarwan UUD 1945 ing basa Jawi ngoko punika nggampilaken sanget tumrap para sadherek ingkang ngginakaken basa Jawi ngoko, ingkang taksih ngugemi tatanan budaya Jawi, marih paham dhateng UUD 1945.

Perlu kapratelakaken bilih jarwan UUD 1945 ing basa Jawi tataran krama utawi ngoko punika sanes jarwan ingkang absah. Naskah UUD 1945 ingkang absah kange paugeran migunakaken basa Indonesia minangka basa nasional. Jarwan punika sipatipun boten absah, ingkang boten kedah dados paugeran amrih paham dhateng UUD 1945 miturut paradigma basa Jawi ngoko. Malah-malah ing mangke tinarbuka kalonggaran tumrap sinten kemawon ingkang sami nindakaken njarwakaken UUD 1945 ing basa Jawi tataran ngoko utawi basa derah sanesipun, salaras kaliyan panyuraosipun piyambak-piyambak ingkang boten kedah sami kaliyan jarwan ing buku punika.

Makaten tanggapan kula manungsung wedalipun Jarwan UUD 1945 ing basa Jawi ngoko. Ngaturi wilujeng dhateng Sadherek

Ugrasena Pranidhana sakanca saking Universitas Indonesia, ingkang sampun kalampahan njarwakaken UUD 1945 kanthi prayogi sanget.

Mugi-mugi medalipun buku punika saged mewahi pangraos, paham sarta setya ing pranatan dhateng UUD 1945 ing kalanganing bebrayan Jawi, langkung-langkung tumrap ingkang migunakaken basa Jawi tataran ngoko, saengga nggampilaken sarta sesarengan ngrancagaken pambudidayanipun bangsa Indonesia, mujudaken nagari Indonesia minangka Nagari Konstitusi ingkang demokratis lan ugi Nagari Demokrasi ingkang adhedasar Konstitusi.

Jakarta, kaping 17 Agustus 2005

MAHKAMAH KONSTITUSI
REPUBLIK INDONESIA

Pangarsa,



PROF. DR. JIMLY ASSHIDDIQIE, S.H.

DAFTAR ISI

Bab Satunggal

Basa Jawi tataran Ngoko

Prawacana Pangarsa MKRI Prof. Dr. Jimly Asshiddiqie, S.H.	v
Undang-Undang Dasar 1945 Jarwan Basa Jawi	3
Para panjarwa	42

Bagian Kedua

Bahasa Indonesia

Kata Pengantar Ketua MKRI Prof. Dr. Jimly Asshiddiqie, S.H.	47
Undang-Undang Dasar 1945	53
Para Penerjemah	90

Naskah UUD 45 ingkang sampun dipun jarwakaken lan dipun cithak ing buku punika boten sanes inggih naskah gabungan, inggih punika naskah gabungan saking Naskah Asli UUD 45 lan naskah Ewah-ewahan kapisan, Ewah-ewahan kaping kalih, Ewah-ewahan kaping tiga lan Ewah-ewahan kaping sekawan.

Miturut putusan Majelis Permusyawaratan Rakyat (MPR) ingkang ngarujuki panganggenipun sistem *adendum* ing salebetipun nglampahi ewah-ewahan konstitusi, naskah absah UUD 45 saged dipun peprincen kados ing ngandhap punika: Naskah Absah UUD 1945, Ewah-ewahan kapisan, Ewah-ewahan kaping kalih, Ewah-ewahan kaping tiga lan Ewah-ewahan kaping sekawan UUD 1945.

**UNDANG-UNDANG DASAR
NEGARA REPUBLIK INDONESIA
TAHUN 1945
JARWAN BASA JAWI**

JARWAN INGKANG BOTEN ABSAH

**UNDANG-UNDANG DASAR
NEGARA REPUBLIK INDONESIA
TAHUN 1945**

**BEBUKA
(P r e a m b u l e)**

Ing satemene Kamardikan kuwi hake sadhengah bangsa lan mula saka kuwi, penjajahan ing salumahing bumi kudu dibrastha, jalaran ora jumbuh karo rasa kamanungsan lan rasa keadilan.

Lan perjuwangan gerakan kamardikan Indonesia wis ngancik ing titi wanci kang mulya lan kanthi slamet rahayu nglantarake rakyat Indonesia ing sangarepe gapuranning kamardikan Negara Indonesia, sing mardika, manunggal, darbe kedaulatan, adil lan makmur.

Awit saka berkah lan rahmating Allah Kang Maha Kuwasa lan kanthi sinengkuyung dening gegayuhan kang luhur, murih urip minangka bangsa sing mardika, mula rakyat Indonesia mratelakake kamardikane.

Ing sabanjure kanggo ndhapuk sawijining Pamarentah Negara Indonesia sing ngayomi sakabehing bangsa Indonesia lan sakabehing tanah wutah rah Indonesia lan kanggo ngundhakake kerta rahardjaning umum, nglantipake panguripaning bangsa, lan melu memayu hayuning bawana kang adhedhasar kamardikan, bedamen kang langgeng lan keadilan sosial, mula Kamardikan Kabangsan Indonesia mau ditata ing sawijining

Undang-Undang Dasar Negara Indonesia, kang dumadi ing sawijining tatanan Negara Republik Indonesia sing darbe kedaulatan rakyat kanthi adhedhasar marang Ketuhanan Kang Maha Tunggal, rasa Kamanungan kang adil lan mawa adab, Persatuan Indonesia lan Kerakyatan kang tinuntun dening hikmat kawicaksanan ing Permusyawaratan/Perwakilan, sarta kanthi mujudake sawijining Keadilan sosial tumrap sakabehing rakyat Indonesia.

UNDANG-UNDANG DASAR

BAB I

WUJUD LAN KEDAULATAN

Pasal 1

- (1) Negara Indonesia kuwi Negara Kesatuan, kang awujud Republik.
- (2) Kedaulatan ana ing tangane rakyat lan ditindakake miturut Undang-Undang Dasar. ***)
- (3) Negara Indonesia kuwi negara hukum. ***)

BAB II

MAJELIS PERMUSYAWARATAN RAKYAT

Pasal 2

- (1) Majelis Permusyawaratan Rakyat dumadi saka anggotaning Dewan Perwakilan Rakyat lan anggotaning Dewan Perwakilan Daerah sing dipilih lumantar pemilihan umum lan sabanjure ditata sarana undang-undang. ****)
- (2) Majelis Permusyawaratan Rakyat nganakake parepatan saora-orane sepisan ing sajroning setahun ing kutharaja.
- (3) Sakabehing putusaning Majelis Permusyawaratan Rakyat

*) = OWAH-OWAHAN KAPISAN, **) = OWAH-OWAHAN KAPINDHO
***) = OWAH-OWAHAN KATELU, ****) = OWAH-OWAHAN KAPING PAT

katetepake kanthi swara sing akeh dhewe.

Pasal 3

- (1) Majelis Permusyawaratan Rakyat darbe wewenang ngowahi lan netepake Undang-Undang Dasar. ***)
- (2) Majelis Permusyawaratan Rakyat misuda Presiden lan/utawa Wakil Presiden.****/*****)
- (3) Majelis Permusyawaratan Rakyat mung bisa nglereh Presiden lan/utawa Wakil Presiden sajrone mangsa kalungguhane miturut Undang-Undang Dasar.****/*****)

BAB III

PANGUWASANING PARENTAHANING NEGARA

Pasal 4

- (1) Presiden Republik Indonesia nyekel panguwasaning parentahan miturut Undang-Undang Dasar.
- (2) Sajrone nindakake kuwajibane Presiden dibiyantu dening Wakil Presiden.

Pasal 5

- (1) Presiden darbe hak ngajokake rancangan undang-undang marang Dewan Perwakilan Rakyat. *)
- (2) Presiden netepake peraturan pemerintah kanggo nindakake undang-undang miturut ing samestine.

*) = OWAH-OWAHAN KAPISAN, **) = OWAH-OWAHAN KAPINDHO
***) = OWAH-OWAHAN KATELU, ****) = OWAH-OWAHAN KAPING PAT

Pasal 6

- (1) Calon Presiden lan calon Wakil Presiden kudu warga negara Indonesia wiwit lair lan ora tau nampa kewarganegaraan liya amarga saka karepe dhewe, ora tau cidra marang nagara, sarta kuwagang rohani lan jasmani nindakake jejibahan lan kuwajiban minangka Presiden lan Wakil Presiden.***)
- (2) Syarat-syarat supaya bisa dadi Presiden lan Wakil Presiden ing sabanjure ditata sarana undang-undang. ***)

Pasal 6A

- (1) Presiden lan Wakil Presiden dipilih pepasangan kanthi langsung dening rakyat.***)
- (2) Pasangan calon Presiden lan Wakil Presiden diusulake dening parte politik utawa gabunganing parte politik sing melu pemilihan umum sadurunge pemilihan umum ditindakake.***)
- (3) Pasangan calon Presiden lan Wakil Presiden sing oleh swara luwih seket persen saka gunggunging swara ing pemilihan umum kanthi saora-orane rongpuluh persen swara ing saben propinsi sing sumebar luwih saka separone cacah propinsi ing Indonesia, diwisuda dadi Presiden lan Wakil Presiden.***)
- (4) Ing samangsa ora ana pasangan calon Presiden lan Wakil Presiden pinilih, rong pasang calon sing oleh swara akeh dhewe urutan kapisan lan kapindho ing pemilihan umum

*) = OWAH-OWAHAN KAPISAN, **) = OWAH-OWAHAN KAPINDHO
***) = OWAH-OWAHAN KATELU, ****) = OWAH-OWAHAN KAPING PAT

dipilih dening rakyat kanthi langsung lan pasangan sing oleh swaraning rakyat akeh dhewe diwisuda dadi Presiden lan Wakil Presiden.****)

- (5) Tata cara tumindake pemilihan Presiden lan Wakil Presiden ing sabanjure ditata sarana undang-undang.***)

Pasal 7

Presiden lan Wakil Presiden nglungguhi kalenggahan suwene limang tahun, lan sawise kuwi bisa dipilih maneh ing kalenggahan kang padha, mung kena sak mangsa kalenggahan.*)

Pasal 7A

Presiden lan/utawa Wakil Presiden bisa dilereh ing mangsa kalenggahane dening Majelis Permusyawaratan Rakyat awit saka usule Dewan Perwakilan Rakyat, yen kabukten tumindak nerak ukum awujud cidra marang nagara, korupsi, besel, tindak pidana abot liyane, utawa panggalawé nistha apadene yen kabukten wis ora bisa netepi syarat dadi Presiden lan/utawa Wakil Presiden.***)

Pasal 7B

- (1) Usul panglerehe Presiden lan/utawa Wakil Presiden bisa diajokake dening Dewan Perwakilan Rakyat marang Majelis Permusyawaratan Rakyat mung yen luwih dhisik ngajokake panjaluk marang Mahkamah Konstitusi supaya nitipriksa, ngadili, lan netepake dene panganggepe Dewan Perwakilan

*) = OWAH-OWAHAN KAPISAN, **) = OWAH-OWAHAN KAPINDHO
***) = OWAH-OWAHAN KATELU, ****) = OWAH-OWAHAN KAPING PAT

Rakyat yen Presiden lan/utawa Wakil Presiden wis tumindak nerak ukum awujud khianat marang negara, korupsi, besel, tindak pidana abot liyane, utawa panggawe nistha; lan/utawa panganggep yen Presiden lan/utawa Wakil Presiden wis ora bisa netepi syarat minangka Presiden lan/utawa Wakil Presiden.***)

- (2) Panganggepe Dewan Perwakilan Rakyat yen Presiden lan/utawa Wakil Presiden wis tumindak nerak ukum mau utawa wis ora bisa netepi syarat minangka Presiden lan/utawa Wakil Presiden mau mujudake cak-cakaning jejibahan pengawasane Dewan Perwakilan Rakyat.***)
- (3) Panjaluke Dewan Perwakilan Rakyat marang Mahkamah Konstitusi mung bisa ditindakake yen disengkuyung saor-orane 2/3 saka cacahing anggota Dewan Perwakilan Rakyat sing nekani parepatan paripurna sing ditekani saor-orane 2/3 saka cacahing anggota Dewan Perwakilan Rakyat.***)
- (4) Mahkamah Konstitusi wajib niti priksa, ngadili, lan netepake kanthi saadil-adile marang panganggepe Dewan Perwakilan Rakyat mau suwe-suwene sangangpuluhan dina sawise panjaluke Dewan Perwakilan Rakyat mau ditampa dening Mahkamah Konstitusi.***)
- (5) Ing samangsa Mahkamah Konstitusi netepake yen Presiden lan/utawa Wakil Presiden kabukten tumindak nerak ukum awujud cidra marang nagara, korupsi, besel, panggawe pidana abot liyane, utawa panggawe nistha; lan/utawa kabukten yen Presiden lan/utawa Wakil Presiden wis ora

*) = OWAH-OWAHAN KAPISAN, **) = OWAH-OWAHAN KAPINDHO
***) = OWAH-OWAHAN KATELU, ****) = OWAH-OWAHAN KAPING PAT

- netepi syarat minangka Presiden lan/utawa Wakil Presiden, Dewan Perwakilan Rakyat nganakake parepatan paripurna kanggo nerusake usul panglerehing Presiden lan/utawa Wakil Presiden marang Majelis Permusyawaratan Rakyat.***)
- (6) Majelis Permusyawaratan Rakyat wajib nganakake parepatan kanggo netepake usule Dewan Perwakilan Rakyat mau suwe-suwene telungpuluhan dina wiwit saka Majelis Permusyawaratan Rakyat nampa usul mau.***)
- (7) Putusaning Majelis Permusyawaratan Rakyat gegayutan karo usul panglerehing Presiden lan/utawa Wakil Presiden kudu ditetepake ing parepatan paripurna Majelis Permusyawaratan Rakyat sing ditekani saora-orane 3/4 saka cacahing anggota lan disarujuki dening saora-orane 2/3 saka cacahing anggota sing teka, sawise Presiden lan/utawa Wakil Presiden antuk kalonggaran akeh katrangan ing parepatan paripurna Majelis Permusyawaratan Rakyat.***)

Pasal 7C

Presiden ora bisa nyuwak lan/utawa mbubarake Dewan Perwakilan Rakyat.***)

Pasal 8

- (1) Yen Presiden seda, lereh, dilereh, utawa ora bisa nindakake jejibahan sajrone mangsa kalungguhane, panjenengane diganti dening Wakil Presiden nganthi rampunging mangsa kalungguhan.***)

*) = OWAH-OWAHAN KAPISAN, **) = OWAH-OWAHAN KAPINDHO
***) = OWAH-OWAHAN KATELU, ****) = OWAH-OWAHAN KAPING PAT

- (2) Ing samangsa ana komplanging Wakil Presiden, suwe-suwene sajrone sewidak dina, Majelis Permusyawaratan Rakyat nganakake parepatan kanggo milih Wakil Presiden ing antarane calon loro sing diusulake dening Presiden.***)
- (3) Yen Presiden lan Wakil Presiden seda, lereh, dilereh, utawa ora bisa nindakake jejibahan sajrone mangsa kalungguhane kanthi bebarengan, sing nindakake jejibahan kepresidenan yakuwi Menteri Luar Negeri, Menteri Dalam Negeri, lan Menteri Pertahanan kanthi bebarengan. Suwe-suwene telungpuluhan dina sawise kuwi, Majelis Permusyawaratan Rakyat nganakake parepatan kanggo milih Presiden lan Wakil Presiden ing antarane rong pasang calon Presiden lan Wakil Presiden sing diusulake dening parte politik utawa gabungane parte politik sing pasangane calon Presiden lan Wakil Presidene oleh swara akeh dhewe ing urutan kapisan lan kapindho ing pemilihan umum sadurunge, tumeka pungkasaning mangsa kalenggahane.****)

Pasal 9

- (1) Sadurunge nglungguhi kalungguhane, Presiden lan Wakil Presiden ngucapake sumpah miturut agama, utawa prasetya kanthi tumemen ing sangarepe Majelis Permusyawaratan Rakyat utawa Dewan Perwakilan Rakyat mangkene :

*) = OWAH-OWAHAN KAPISAN, **) = OWAH-OWAHAN KAPINDHO
*** = OWAH-OWAHAN KATELU, ****) = OWAH-OWAHAN KAPING PAT

Sumpah Presiden (Wakil Presiden) :

"Awit saka Allah, aku sumpah bakal netepi kewajiban Presiden Republik Indonesia (Wakil Presiden Republik Indonesia) kanthi satemen-temene lan seadil-adile, ngugemi Undang-Undang Dasar lan nindakake sakabehing undang-Undang lan pranatane kanthi sajejeg-jejege sarta bekti marang Nusa lan Bangsa."

Janji Presiden (Wakil Presiden) :

"Aku prasetya kanthi temen-temen bakal netepi kewajiban Presiden Republik Indonesia (Wakil Presiden Republik Indonesia) kanthi satemen-temene lan seadil-adile, ngugemi Undang-Undang Dasar lan nindakake sakabehing undang-undang lan pranatane kanthi sajejeg-jejege sarta bekti marang Nusa lan Bangsa". *)

- (2) Samangsa Majelis Permusyawaratan Rakyat utawa Dewan Perwakilan Rakyat ora bisa nganakake parepatan, Presiden lan Wakil Presiden ngucapake sumpah miturut agama, utawa prajanji kanthi temen-temen ing sangarepe Pimpinan Majelis Permusyawaratan Rakyat kanthi sinekseen Pimpinan Mahkamah Agung. *)

Pasal 10

Presiden nyekel panguwasa sing dhuwur dhewe ing atase Angkatan Darat, Angkatan Laut, lan Angkatan Udara.

*) = OWAH-OWAHAN KAPISAN, **) = OWAH-OWAHAN KAPINDHO
*** = OWAH-OWAHAN KATELU, **** = OWAH-OWAHAN KAPING PAT

Pasal 11

- (1) Presiden kanthi mupakate Dewan Perwakilan Rakyat mratelakake perang, nganakake bedhamen lan prajanjen karo negara liya.****)
- (2) Presiden ing sajrone nganakake prajanjen internasional liyane sing mahanan pangaribawa sing teba lan wigati tumrap panguripaning rakyat sing gegayutan karo bot repoting kahartakaning negara, lan/utawa ngudokake owah-owahan utawa ndhapuk undang-undang kudu kanthi mupakate Dewan Perwakilan Rakyat.***)
- (3) Pranatan sabanjure ngenani prajanjen internasional ditata sarana undang-undang.***)

Pasal 12

Presiden mratelakake kahananing negara sajroning bebaya. Syarat-syarat lan temahaning bebaya ditetepake sarana undang-undang.

Pasal 13

- (1) Presiden ngangkat duta lan konsul.
- (2) Ing babagan ngangkat duta, Presiden nggatekake pamrayogane Dewan Perwakilan Rakyat.*)
- (3) Presiden nampa dutaning negara liya kanthi nggatekake pamrayogane Dewan Perwakilan Rakyat.*)

*) = OWAH-OWAHAN KAPISAN, **) = OWAH-OWAHAN KAPINDHO
***) = OWAH-OWAHAN KATELU, ****) = OWAH-OWAHAN KAPING PAT

Pasal 14

- (1) Presiden aweh grasi lan rehabilitasi kanthi nggatekake pamrayogane Mahkamah Agung.*)
- (2) Presiden menehi amnesti lan abolisi kanthi nggatekake pamrayogane Dewan Perwakilan Rakyat.*)

Pasal 15

Presiden aweh gelar, tandha jasa, lan tandha pakurmatan liyane sing ditata sarana undang-undang.*)

Pasal 16

Presiden ndhapuk sawijining dewan pertimbangan kanthi jejibahan aweh iguh lan pratikel marang Presiden, sing sabanjure ditata sarana undang-undang.*****)

BAB IV
DEWAN PERTIMBANGAN AGUNG
Disuwak.*****)

BAB V
KEMENTERIAN NEGARA

Pasal 17

- (1) Presiden dibiyantu dening menteri-menteri negara.

*) = OWAH-OWAHAN KAPISAN, **) = OWAH-OWAHAN KAPINDHO
***) = OWAH-OWAHAN KATELU, ****) = OWAH-OWAHAN KAPING PAT

- (2) Menteri-menteri mau diangkat lan dilereh dening Presiden.*)
- (3) Saben menteri nangani urusan tartamtu ing paprente-tahan.*)
- (4) Ndhapuk, ngowahi, lan mbubarake kementerian negara ditata sarana undang-undang.***)

BAB VI

PAPRENTAHAN DAERAH

Pasal 18

- (1) Negara Kesatuan Republik Indonesia diperang dadi wewengkon-wewengkon propinsi lan wewengkon propinsi mau diperang dadi kabupaten lan kota, dene saben propinsi, kabupaten, lan kota mau nduweni paprentahan daerah, sing ditata sarana undang-undang. **)
- (2) Paprentahan daerah propinsi, daerah kabupaten, lan kota mranata lan ngurusi dhewe urusaning paprentahan miturut asas otonomi lan jejibahan panyengkuyung. **)
- (3) Paprentahan daerah propinsi, daerah kabupaten, lan kota nduweni Dewan Perwakilan Rakyat Daerah sing anggota-anggotane dipilih sarana pemilihan umum. **)
- (4) Gubernur, Bupati, lan Walikota sawiji-wijine minangka kepala pemerintah daerah propinsi, kabupaten, lan kota dipilih kanthi demokratis. **)
- (5) Paprentahan daerah nindakake otonomi sateba-tebane, kajaba urusaning paprentahan sing dening undang-undang

*) = OWAH-OWAHAN KAPISAN, **) = OWAH-OWAHAN KAPINDHO
***) = OWAH-OWAHAN KATELU, ****) = OWAH-OWAHAN KAPING PAT

- ditetepake minangka urusane Pemerintah Pusat.**)
- (6) Paprentahan daerah darbe hak netepake peraturan daerah lan peraturan-peraturan liyane kanggo nindakake otonomi lan jejibahan panyengkuyung.**)
- (7) Sungsunan lan tata cara tumindake paprentahan daerah diatur sarana undang-undang.**)

Pasal 18A

- (1) Sesambungan wewenang antarane pemerintah pusat lan paprentahan daerah propinsi, kabupaten, lan kota, utawa antarane propinsi lan kabupaten lan kota, ditata sarana undang-undang kanthi nggatekake bab-bab sing mligi lan manekawarnaning daerah. **)
- (2) Sesambungan kahartakan, leladi kanggon umum, mumpangate sumber daya alam lan sumber daya liyane antarane pemerintah pusat lan paprentahan daerah ditata lan ditindakake kanthi adil lan selaras adhedhasar undang-undang. **)

Pasal 18B

- (1) Negara ngakoni lan ngurmati gegolonganing paprentahan daerah sing asipat mligi utawa asipat istimewa sing ditata sarana undang-undang.**)
- (2) Negara ngakoni lan ngurmati gegolonganing bebrayan hukum adat sarta hak-hak tradisionale waton isih lestari lan selaras

*) = OWAH-OWAHAN KAPISAN, **) = OWAH-OWAHAN KAPINDHO
***) = OWAH-OWAHAN KATELU, ****) = OWAH-OWAHAN KAPING PAT

karo mekare bebrayan lan prinsip Negara Kesatuan Republik Indonesia, sing ditata sajrone undang-undang.**)

BAB VII

DEWAN PERWAKILAN RAKYAT

Pasal 19

- (1) Anggotaning Dewan Perwakilan Rakyat dipilih sarana pemilihan umum.**)
- (2) Sungsunan Dewan Perwakilan Rakyat ditata sarana undang-undang.**)
- (3) Dewan Perwakilan Rakyat nganakake parepatan saoranane sepisan sajrone setahun.**)

Pasal 20

- (1) Dewan Perwakilan Rakyat nyekel panguwasa ndhapuk undang-undang.*)
- (2) Saben rancangan undang-undang dirembug dening Dewan Perwakilan Rakyat lan Presiden amrih dimupakati bebarengan.*)
- (3) Samangsa rancangan undang-undang mau ora antuk mupakat bebarengan, rancangan undang-undang mau ora kena dijokake maneh ing sajrone parepatan Dewan Perwakilan Rakyat ing mangsa mau.*)

*) = OWAH-OWAHAN KAPISAN, **) = OWAH-OWAHAN KAPINDHO
***) = OWAH-OWAHAN KATELU, ****) = OWAH-OWAHAN KAPING PAT

- (4) Presiden ngabsahake rancangan undang-undang sing wis dimupakati bebarengan amrih dadi undang-undang.*)
- (5) Samangsa rancangan undang-undang sing wis dimupakati bebarengan mau ora diabsahake dening Presiden sajrone telungpuluhan dina wiwit rancangan undang-undang mau dimupakati, rancangan undang-undang mau absah dadi undang-undang lan wajib diundhangake.**)

Pasal 20A

- (1) Dewan Perwakilan Rakyat darbe jejibahan legislasi, jejibahan anggaran, lan jejibahan pengawasan.**)
- (2) Sajrone nindakake jejibahane, saliyane hak sing ditata sajrone pasal-pasal liya ing Undang-Undang Dasar iki, Dewan Perwakilan Rakyat darbe hak interpelasi, hak angket, lan hak medhar panemu.**)
- (3) Saliyane hak sing ditata ing pasal-pasal liya ing Undang-Undang Dasar iki, saben anggota Dewan Perwakilan Rakyat darbe hak ngajokake pitakon, aweh usul lan panemu sarta hak imunitas.**)
- (4) Pranatan sabanjure ngenani hake Dewan Perwakilan Rakyat lan hake anggota Dewan Perwakilan Rakyat ditata sarana undang-undang.**)

Pasal 21

Anggota Dewan Perwakilan Rakyat darbe hak ngajokake usul rancangan undang-undang.*)

*) = OWAH-OWAHAN KAPISAN, **) = OWAH-OWAHAN KAPINDHO
***) = OWAH-OWAHAN KATELU, ****) = OWAH-OWAHAN KAPING PAT

Pasal 22

- (1) Ing bab kahanan gawat sing njiyat, Presiden darbe hak netepake peraturan pemerintah minangka sesulihe undang-undang.
- (2) Peraturan pemerintah mau kudu antuk mupakate Dewan Perwakilan Rakyat ing parepatan sabanjure.
- (3) Yen ora antuk mupakat, peraturan pemerintah mau kudu dijabel.

Pasal 22A

Pranatan sabanjure ngenani tata cara pandhapuking undang-undang ditata sarana undang-undang.**)

Pasal 22B

Anggota Dewan Perwakilan Rakyat bisa dilereh saka kalungguh-ané, sing syarat-syarat lan tata carane ditata sarana undang-undang.**)

BAB VIIA *) DEWAN PERWAKILAN DAERAH**

Pasal 22C

- (1) Anggota Dewan Perwakilan Daerah dipilih saka saben propinsi sarana pemilihan umum. ***)
- (2) Anggota Dewan Perwakilan Daerah saka saben propinsi

*) = OWAH-OWAHAN KAPISAN, **) = OWAH-OWAHAN KAPINDHO
***) = OWAH-OWAHAN KATELU, ****) = OWAH-OWAHAN KAPING PAT

cacahe padha lan gungunge anggota Dewan Perwakilan Daerah mau ora luwih saka sapratelone gungunge anggota Dewan Perwakilan Rakyat. ***)

- (3) Dewan Perwakilan Daerah nganakake parepatan saoranane sepisan sajrone setahun. ***)
- (4) Sungsunan lan kalungguhane Dewan Perwakilan Daerah ditata sarana undang-undang. ***)

Pasal 22D

- (1) Dewan Perwakilan Daerah bisa ngajokake marang Dewan Perwakilan Rakyat rancangan undang-undang sing gegayutan karo otonomi daerah, sesambungan pusat lan daerah, adeg lan mekare sarta pamblengkete/gumolonging, daerah, ngubedakake asil kaskayaning alam lan sumber daya ekonomi liyane, sarta sing gegayutan karo pangimbanging kahartakan pusat lan daerah. ***)
- (2) Dewan Perwakilan Daerah melu ngrembug rancangan undang-undang sing gegayutan karo otonomi daerah; sesambungan pusat lan daerah; adege, mekare, lan pamblengkete/gumolonging, daerah; ngubedakake asil kaskayaning alam lan sumber daya ekonomi liyane, sarta panginbanging kahartakan pusat lan daerah; sarta aweh pratikel marang Dewan Perwakilan Rakyat tumrap rancangan undang-undang anggaran pendapatan lan belanja negara lan rancangan undang-undang sing gegayutan karo pajek, pendidikan, lan agama. ***)

*) = OWAH-OWAHAN KAPISAN, **) = OWAH-OWAHAN KAPINDHO
***) = OWAH-OWAHAN KATELU, ****) = OWAH-OWAHAN KAPING PAT

- (3) Dewan Perwakilan Daerah bisa nindakake pengawasan tumrap tumindake undang-undang ngenani: otonomi daerah, adege, mekare lan pamblengkete/gumolonging, daerah, sesambungan pusat lan daerah, ngubedakake asil kaskayaning alam lan sumber daya ekonomi liyane, tumindake anggaran pendapatan lan belanja negara, pajek, pendidikan, lan agama sarta masrahake kasiling anggone ngawasi mau marang Dewan Perwakilan Rakyat minangka dhasar tetimbangan supaya ana tumindak ing sabanjure.
***)
- (4) Anggota Dewan Perwakilan Daerah bisa dilereh saka kalungguhane, sing syarat-syarat lan tata carane ditata sarana undang-undang. ***)

BAB VIIIB *)
PEMILIHAN UMUM**

Pasal 22E

- (1) Pemilihan umum dileksanakake kanthi langsung, umum, bebas, rahasia, jujur, lan adil saben limang tahun sepisan.
***)
- (2) Pemilihan umum dianakake kanggo milih anggota Dewan Perwakilan Rakyat, Dewan Perwakilan Daerah, Presiden lan Wakil Presiden, lan Dewan Perwakilan Rakyat Daerah. ***)
- (3) Sing melu pemilihan umum kanggo milih anggota Dewan Perwakilan Rakyat lan anggota Dewan Perwakilan Rakyat

*) = OWAH-OWAHAN KAPISAN, **) = OWAH-OWAHAN KAPINDHO
***) = OWAH-OWAHAN KATELU, ****) = OWAH-OWAHAN KAPING PAT

- Daerah yakuwi parte politik. ***)
- (4) Sing melu pemilihan umum kanggo milih anggota Dewan Perwakilan Daerah yakuwi pribadi. ***)
- (5) Pemilihan umum dianakake dening sawijining komisi pemilihan umum sing asipat nasional, tetep, lan mandiri. ***)
- (6) Pranatan sabanjure ngenani pemilihan umum ditata sarana undang-undang. ***)

BAB VIII

BAB KAHARTAKAN

Pasal 23

- (1) Anggaran pendapatan lan belanja negara minangka wujud saka pengelolaan kahartakaning negara ditetepake saben taun kanthi undang-undang lan ditindakake kanthi tinarbuka lan tanggung jawab amrih murakabi tumrap kemakmuraning rakyat. ***)
- (2) Rancangan undang-undang anggaran pendapatan lan belanja negara diajokake dening Presiden supaya dirembug bebarengan dening Dewan Perwakilan Rakyat kanthi nggatekake pamrayogane Dewan Perwakilan Daerah. ***)
- (3) Samangsa Dewan Perwakilan Rakyat ora nyarujuki rancangan anggaran pendapatan lan belanja negara sing diusulake dening Presiden, Pamarentah nindakake Anggaran Pendapatan lan Belanja Negara taun kepungkur. ***)

*) = OWAH-OWAHAN KAPISAN, **) = OWAH-OWAHAN KAPINDHO
***) = OWAH-OWAHAN KATELU, ****) = OWAH-OWAHAN KAPING PAT

Pasal 23A

Pajek dan tarikan liya sing asipat njiyat kanggo kaperluaning negara ditata sarana undang-undang. ***)

Pasal 23B

Wujud lan ajining dhuwit ditetepake sarana undang-undang.
****)

Pasal 23C

Bab-bab liyane ngenani kahartakaning nagara ditata sarana undang-undang. ***)

Pasal 23D

Negara darbe sawijining bank sentral sing sungsunan, kalungguhane, kawenangane, tanggung jawabe, lan mandhirine ditata sarana undang-undang. ****)

BAB VIIIA *)**

BADAN PEMERIKSA KEUANGAN

Pasal 23E

- (1) Kanggo nitipriksa pangrumat lan tanggung jawab babagan kahartakaning negara dianakake sawijining Badan Pemeriksa Keuangan sing bebas lan mandhiri. ***)
- (2) Kasiling panitipriksa kahartakaning negara dipasrahake

*) = OWAH-OWAHAN KAPISAN, **) = OWAH-OWAHAN KAPINDHO
***) = OWAH-OWAHAN KATELU, ****) = OWAH-OWAHAN KAPING PAT

marang Dewan Perwakilan Rakyat, Dewan Perwakilan Daerah, lan Dewan Perwakilan Rakyat Daerah, salaras karo wewenange. ***)

- (3) Kasiling panitipriksa mau sabanjure diurus dening bebadan perwakilan lan/utawa badan salaras karo undang-undang. ***)

Pasal 23F

- (1) Anggota Badan Pemeriksa Keuangan dipilih dening Dewan Perwakilan Rakyat kanthi nggatekake pamrayogane Dewan Perwakilan Daerah lan ditetepake dening Presiden. ***)
(2) Pangarsaning Badan Pemeriksa Keuangan dipilih saka lan dening anggota. ***)

Pasal 23G

- (1) Badan Pemeriksa Keuangan dumunung ing kutharaja, lan darbe perwakilan ing saben propinsi. ***)
(2) Pranatan sabanjure ngenani Badan Pemeriksa Keuangan ditata sarana undang-undang. ***)

BAB IX

PANGUWASING KEHAKIMAN

Pasal 24

- (1) Panguwasaning kehakiman mujudake panguwasa sing mardika kanggo nindakake pradilan kanggo njejegake ukum

*) = OWAH-OWAHAN KAPISAN, **) = OWAH-OWAHAN KAPINDHO
***) = OWAH-OWAHAN KATELU, ****) = OWAH-OWAHAN KAPING PAT

- lan keadilan. ***)
- (2) Panguwasaning kehakiman ditindakake dening sawijining Mahkamah Agung lan bebadan pradilan sing ana ing sangisore ing wewengkon pradilan umum, wewengkon pradilan agama, wewengkon pradilan militer, wewengkon pradilan tata usaha negara, lan dening sawijining Mahkamah Konstitusi. ***)
- (3) Bebadan liya sing fungsine gegayutan karo panguwasaning kehakiman ditata sarana undang-undang. ****)

Pasal 24A

- (1) Mahkamah Agung wenang ngadili ing tingkat kasasi, nguji pranatan perundang-undangan sangisore undang-undang marang undang-undang, lan ndarbeni wewenang liyane sing diwenehake dening undang-undang. ***)
- (2) Hakim agung kudu nduwensi integritas lan kapribaden sing ora cela, adil, profesional, lan duwe pengalaman ing babagan ukum. ***)
- (3) Calon hakim agung diusulake dening Komisi Yudisial marang Dewan Perwakilan Rakyat amrih oleh mupakat lan sabanjure ditetepake dadi hakim agung dening Presiden. ***)
- (4) Ketua lan wakil ketua Mahkamah Agung dipilih saka lan dening hakim agung. ***)
- (5) Sungsunan, kalungguhane, keanggotane, lan hukum acara

•) = OWAH-OWAHAN KAPISAN, ••) = OWAH-OWAHAN KAPINDHO
•••) = OWAH-OWAHAN KATELU, ••••) = OWAH-OWAHAN KAPING PAT

Mahkamah Agung sarta bebadan pradilan ing sangisore ditata sarana undang-undang. ***)

Pasal 24B

- (1) Komisi Yudisial asipat mandhiri sing wenang ngusulake pangangkate hakim agung lan darbe wewenang liyane sajrone ngreksa lan njenjegake kaurmatan, kaluhuran martabat, sarta prilakune hakim. ***)
- (2) Anggota Komisi Yudisial kudu nduweni kawruh lan pengalaman ing babagan ukum sarta nduweni integritas lan kapribaden sing ora cela. ***)
- (3) Anggota Komisi Yudisial diangkat lan dilereh dening Presiden kanthi mupakate Dewan Perwakilan Rakyat. ***)
- (4) Sungsunan, kalungguhane, lan anggotaning Komisi Yudisial ditata sarana undang-undang. ***)

Pasal 24C

- (1) Mahkamah Konstitusi wenang ngadili ing tataran kapisan lan pungkasan sing putusane asipat akir kanggo nguji undang-undang marang Undang-Undang Dasar, mutus pradondi wewenanging bebadaning negara sing wewenange diwenehake dening Undang-Undang Dasar, mutus bubarang parte politik, lan mutus pradondi bab kasiling pemilihan umum. ***)
- (2) Mahkamah Konstitusi wajib aweh putusan tumrap

*) = OWAH-OWAHAN KAPISAN, **) = OWAH-OWAHAN KAPINDHO
***) = OWAH-OWAHAN KATELU, ****) = OWAH-OWAHAN KAPING PAT

panganggeping Dewan Perwakilan Rakyat ngenani panerak dening Presiden lan/utawa Wakil Presiden miturut Undang-Undang Dasar. ***)

- (3) Mahkamah Konstitusi duwe anggota hakim konstitusi cacah sanga sing ditetepake dening Presiden, sing diajokake wong telu dhewe-dhewe dening Mahkamah Agung, wong telu dening Dewan Perwakilan Rakyat, lan wong telu dening Presiden. ***)
